



Pou Piblikasyon Imedya: 24/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 47 MILYON DOLA POU FONI DJÒB ETE POU JÈN DEFAVORIZE YO

Pwogram Travay Ete pou Jèn yo pral bay travay pou anviwon 18,500 adolesan ak jèn adilt ki soti nan fanmi ki gen revni fèb yo ane sa a

Pwogram Eta a finanse a bay yon fòmasyon ki gen anpil valè ak eksperyans travay pou jèn k ap patisipe yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke plis pase 47.1 milyon dola pral disponib pou sipòte Pwogram Travay Ete pou Jèn (Summer Youth Employment Program) Eta New York yo ane sa a, pou ede anviwon 18,500 jèn Nouyòkè yo jwenn eksperyans valab nan mendèv la. Jere pa Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta a, pwogram sa a entwoadi jèn ki soti nan fanmi ki gen revni fèb yo nan mache travay la pou yo ka devlope ladrès itil ki pral ede yo amelyore pèfòmans edikatif epi vin granmoun responsab.

"Pou anpil jèn moun, gen yon travay pandan ete se yon tradisyon pasaj ki ede yo jwenn konpetans ki gen anpil valè ak premye eksperyans yo nan espas travay la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram Travay Ete pou Jèn yo ofri eksperyans ki gen anpil valè pou jèn moun ki soti nan fanmi ki gen revni fèb yo, pou anseye yo responsablite ki ka ede yo briye nan karyè pita nan lavi yo."

"Avèk investisman sa a, n ap asire adolesan ak jèn adilt nou yo gen aksè ekitab ak opòtinite travay, fòmasyon, ak eksperyans mendèv", **Gouvènè Adjwen Delgado te deklare.** "Nou dwe sipòte kominote ki istorikman ki pa jwenn ase sèvis yo, bay resous pou fanmi yo nan tout eta a, epi mete timoun nou yo sou chemen siksè."

Pwogram Travay Lete pou Jèn yo sipòte kominote yo nan tout Eta a nan kreye djòb lete pou jèn yo ki soti nan fanmi ki gen revni fèb yo. Patisipan yo travay nan jòb kòm debitan nan kote tankou pak yo, kan ete yo, òganizasyon gadri yo, sant kiltirèl yo, enstalasyon edikasyon yo, ak òganizasyon ki baze nan kominote yo, pou site sa yo sèlman

Pou elijib pou pwogram 2023 a, jèn moun yo dwe gen laj ant 14 jiska 20 ane epi genyen yon revni fanmi ki mwens pase 200 pousan nivo povrete federal la (oswa 49,720 dola pou yon fanmi ki gen twa moun). Pwogram nan te sèvi plis pase 18,500 jèn an 2022, ba

yo eksperyans mendèw ki gen anpil valè, epi souvan bay pèfòmans akademik amelyore anapre.

Komisè Biwo Eta New York pou Asitans Tanporè ak pou Andikap, Daniel W. Tietz, te deklare, "Jèn ki soti nan fanmi ki gen revni fèb yo souvan fè fas a yon tranzisyon difisil pou ale nan travay ki bay yon bon salè ak edikasyon siperyè. Pwogram Travay Ete pou Jèn yo ba yo yon opòtinite pou yo travay ansanm ak pwofesyonèl yo epi aprann konpetans enpòtan ki nesèsè pou pouswiv yon karyè ak yon bon salè nan mendèw modèn lan. Jèn Nouyòkè sa yo ka aplike enfòmasyon enpòtan yo jwenn atravè pwogram sa a pou ede elaji orizon yo epi reyalize aspirasyon karyè yo."

Senatè Eta ak Prezidan Sèvis Sosyal la, Roxanne J. Persaud, te deklare,"Mwen kontan paske Gouvènè Hochul ap delivre 47 milyon dola nan finansman pou Pwogram Travay Ete pou Jèn (SYEP) yo bay kominote atravè Eta New York ki pral sipòte anbochaj prèske 20,000 jèn ki soti nan fanmi k ap fè fas ak gwo obstak ekonomik yo. SYEP te ede plizyè dizèn milye jèn jwenn yon chemen pou soti nan povrete atravè anplwa ki gen sans ak fòmasyon preparasyon pou travay nan sektè piblik, prive ak sektè san bi likratif la. Finansman SYEP la fè pati pi gwo priyorite mwen, epi mwen espere travay ak Gouvènè Hochul pou elaji bèl opòtinite sa a bay plis jèn chak ane."

Manm Asanble ak Prezidan Sèvis Sosyal la, Maritza Davila, te deklare, "Lè nou finance Pwogram Travay Ete pou Jèn yo, n ap fè yon investisman enpòtan nan Eta New York - youn ki pral rapòte dividann nan fiti ki pa twò lwen an. Jèn ak adolesan k ap patisipe yo jwenn konpetans ki gen anpil valè ak eksperyans mendèw ke yo pral pote nan salklas yo ak nan lòt domèn nan lavi yo. Investisman sa a ap pral ede konstwi mendèw alavni nan eta nou an epi bay jèn Nouyòkè ki soti nan fanmi ki defavorize yo nouvo opòtinite."

Jèn moun ki enterese pou patisipe yo ta dwe kontakte [depatman sèvis sosyal lokal](#) pa yo. Finansman pwogram ki disponib pa konte ane sa a gen ladan:

Konte	Finansman
Albany	\$661,304
Allegany	\$192,556
Broome	\$536,718
Cattaraugus	\$273,371
Cayuga	\$194,209
Chautauqua	\$417,968
Chemung	\$217,780
Chenango	\$146,216
Clinton	\$214,206
Columbia	\$112,518
Cortland	\$151,263
Delaware	\$124,708

Dutchess	\$535,230
Erie	\$2,142,029
Essex	\$79,874
Franklin	\$159,821
Fulton	\$144,316
Genesee	\$118,901
Greene	\$117,722
Hamilton	\$12,079
Herkimer	\$167,426
Jefferson	\$311,645
Lewis	\$81,586
Livingston	\$172,409
Madison	\$184,409
Monroe	\$1,806,333
Montgomery	\$142,084
Nassau	\$1,497,803
Niagara	\$475,228
NYC	\$24,454,907
Oneida	\$601,373
Onondaga	\$1,153,959
Ontario	\$213,855
Orange	\$841,523
Orleans	\$113,968
Oswego	\$397,759
Otsego	\$196,140
Putnam	\$91,897
Rensselaer	\$334,779
Rockland	\$745,802
Saratoga	\$278,303
Schenectady	\$304,720
Schoharie	\$86,991
Schuyler	\$48,871
Seneca	\$104,889
St Lawrence	\$425,199
Steuben	\$263,573
Suffolk	\$1,906,794
Sullivan	\$197,083
Tioga	\$120,623
Tompkins	\$402,199
Ulster	\$353,105
Warren	\$113,513
Washington	\$144,977
Wayne	\$204,860

Westchester	\$1,425,549
Wyoming	\$108,054
Yates	\$73,023
Total	\$47,100,000

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418